

Jwi Benefis Kat Debi Visa® Florida w yo

Aktive Kat Debi Visa w la Imedyatman

Sèvis Konsomatè
Rele 1-888-898-3584 (Liy Gratis)
24 Èdtan pa Jou/7 Jou pa Semèn
Pa Jete Kat sa a Nenpòt Kote!

Konsèy Sekirite sou ATM ki Enpòtan yo

- Se pou konsyan sou antouraj ou tout tan.
- Pran plis prekosyon nan nwit. Lè li posib, mennen yon zanmi avèk ou.
- Toujou pran resi w yo oswa dosye tranzaksyon yo avèk ou.
- Evite pou montre kach ou, epi sere li lemoman ou fin konplete tranzaksyon an. Tann pou konte lajan w la nan yon kote ki senesòf ak klele, tankou yon oto oswa lakay ou.
- Rapòte tout krim yo imedyatman bay operatè ATM la ak lapolis lokal ou.
- Siveye pou moun ak aktivite ki sispèk alantou ATM la. Si ou wè nenpòt bagay ki pa nòmal, retounen pita oswa itilize yon lòt ATM yon lòt kote. Si ou wè yon moun oswa yon sikonstans ki sispèk, pa itilize machin la lè sa a. Si w nan mitan yon tranzaksyon, anile tranzaksyon an, pran kat ou an epi kite zòn la epi retounen yon lòt lè oswa itilize yon ATM nan yon lòt kote.

Si ou resevwa Kat Debi Visa sa a pa garanti ou ranpli kritè pou elijiblite alokasyon Depatman pou Opòtinite Ekonomik Laflorid "Florida Department of Economic Opportunity" (DEO) te etabli, oswa ou pral resevwa peman alokasyon sou kat la.

Pri li Pral Koute Pou Sèten Tranzaksyon

- Pa genyen okenn frè pou administrasyon lajan w yo.
- Ou genyen dwa pou retire lajan an kach san limit nan ATM ki "nan-rezo" yo. "Nan-rezo" defini kòm ATM Bank Wells Fargo ak lokasyon rezo MoneyPass yo.
- Refer w sou tablo frè sa a pou plis detay.

Frè an plis ATM yo

Genyen kèk bank ATM ki pral aplike yon frè adisyonèl yo rele si-chaj lè ou itilize ATM yo an. Ou kapab evite frè kote ou wè logo la pou Wells Fargo Bank, MoneyPass, oswa PNC Bank:

Ou dwe toujou li mesaj ATM yo ak atansyon. Ou kapab anile is ou vle evite frè an oswa peze antre epi peye frè a.

- **Chwazi Nimewo Idantifikasyon Pèsonèl (PIN) ou an lè ou Rele nimewo gratis (1-888-898-3584):**
 - Antre nimewo kat ou an lè yo mande.
 - Antre dènye kat chif nimewo Sekirite Sosyal ou.
 - Antre dat nesans ou, MMJJAAAA. (Egzanp: 10011960).
 - Chwazi yon PIN kat chif. Antre li yon dezyèm fwa pou verifye.
- **Sonje PIN ou an! Ou dwe genyen PIN ou an pou itilize kat la.**
- **Siyen non w ak lank pa dèye kat ou an.**
- **Li Deklarasyon Divilgasyon siplemantè a pou kapab konnen dwa ak responsablite w yo kòm yon moun ki genyen yon kat.**
- **Lajan yo pap disponib sou kat ou an jiskaske ou kalifye pou resevwa benefis yo epi ou te chwazi yon PIN.**

Kòmman pou Evite Frè yo

- **Retire lajan nan magazen pwovizyon oswa Komès lokal ou. Preske tout magazen detayan ak pwovizyon remèt ou kach lè w fè acha yo.**
- **Si w prefere pou itilize yon ATM pou kapab jwenn aksè pou kach, chwazi yon ATM ki pa enpoze sichaj pou tranzaksyon an.**
- **Itilize sitwèb la pou tcheke balans kont ou. Pa pèdi tan epi jwi konvinyans itilizasyon sitwèb la pou tcheke balans ou, valide tranzaksyon ki afiche sou kont ou, epi kenbe kont sou acha w yo.**

Dat Ekspirasyon Kat la

- **Sovgade kat ou an.**
- **Kat ou an valid pou twazan. Si ou vin kalifye pou peman adisyonèl nan lespas peryòd twazan an, ou pa pral resevwa yon nouvo kat.**

Kat Ranplasman - Ou Dwe Chwazi PIN ou an Ankò

- **Chwazi menm PIN la oswa rantre youn ki nouvo.**
- **Pa bliye pou detwi ansyen kat ou an. Li pa pral kontinye pou mache.**

Notifikasyon Depo pa Telefòn oswa Imèl:

- **Avèk kat debi w la, ou kapab chwazi pou resevwa notifikasyon depo otomatize. Ou dwe rantre an kontak atravè EPPIC IVR (sistèm telefòn otomatize an) nan 1-888-898-3584 oswa sitwèb ki make anba la a pou aktive pwosesis notifikasyon sa a.**

Vizite sitwèb nou an nan www.EPPICard.com oswa www.floridajobs.org pou enfòmasyon adisyonèl.